

16 desanm 2021

Chè fanmi,

Nou aprann gen yon defi medya sosyal yo pwopoze sou TikTok ak lòt platfòm medya sosyal k ap ankouraje elèv "rele pou fè menas bonm, menas tire lekòl, etc." nan lekòl atravè peyi Etazini. Defi medya sosyal sa a pa espesifik sèlman nan Vil Nouyòk, epi anpil nan afich (post) yo jeneral epi yo pa espesifik pou yon lekòl.

**Sekirite tout moun ki antre nan bilding lekòl nou yo se toujou pi gwo priyorite ak responsablite nou.** Nou pran chak menas pou yon kominote lekòl trè serye epi nou travay kole-kole avèk NYPD pou mennen ankèt sou menas yo fè nenpòt kominote lekòl. Si yo site non lekòl ou a nan yon menas espesifik, tanpri rele 911 imedyatman ak 1-888-NYC-SAFE. Y ap deplwaye lòt sipò nan lekòl la jan sa nesèsè.

Pwoteksyon ak sekirite se responsablite kominote a, epi n ap ankouraje w pou w fè konvèsasyon avèk pitit ou a pou li itilize rezo sosyal yon fason responsab ak sou konsekans sa genyen lè w fè menas. Lekòl ak fanmi ka jwenn enfòmasyon sou sitwayènte dijital (itilizasyon teknoloji yon fason responsab) sou pajwèb DOE a: <https://www.schools.nyc.gov/school-life/school-environment/digital-citizenship>. Nou p ap tolere okenn afich (post) oswa defi sou rezo sosyal ki enplike menas oswa aksyon vyolans kont kominote lekòl yo. Menas vyolans yo gen konsekans trè reyèl kèlkeswa rezon ki fè yo te fè menas la, epi nou pa vle pou jèn nou yo riske avni briyan yo genyen, akòz defi medya sosyal tankou sa yo.

Si oumenm oswa pitit ou a temwen nenpòt aktivite sispèk sou rezo sosyal, tanpri rele 911 oswa mete yon adilt ou fè konfyans okouran si w nan yon lekòl. Nou pran angajman pou nou kontinye kontwole zafè sa a avèk anpil atansyon.

Mèsi kòm toujou pou tout sa w fè pou pwoteje kominote lekòl nou yo, epi tanpri pa ezite kontakte direktè lekòl ou a.

Nan kolaborasyon,



Meisha Porter  
Chanselye Lekòl Vil Nouyòk